

**Ikinyamakuru  
ca Ekleziya  
Gatolika  
Umwaka wa 70  
Gisohoka kabiri mu  
kwezi  
Ikiguzi : 500FBu**

Email: journalndongozi@gmail.com

Facebook : Journal ndongozi y'uburundi Rusizi  
ziramarembe; Twitter: Ndongozi y'Uburundi

# NDONGOZI Y'UBURUNDI

Adresse : Candikirwa, kigasohorerwa muri Ndongozi y'Uburundi.  
Avenue de la mission n° 06



«Jewe ndi wa mwungere mwiza»  
In 10, 11a

B.P 690 Bujumbura. Tél.: 222762. Fax : (257) 228907 N°792 01 Ruheshi 2023

## Kuvugana umutima : «Tuvuge ukuri mu rukundo» (Abanyefezi 4,15)

Ijambo rya Nyenubwera  
randa Papa Fransisko  
ku musi mpuzamakungu  
ugira uwa 57 wahariwe  
ukumenyeshya amakuru  
Uw'Imana ugira indwi  
wa Pasika Ku wa Mungu,  
21 Rusama 2023.

**Kuvugana umutima:  
Tuvuge mu urukundo  
(Abanyefezi 4,15)**

Benewacu nkunda !  
Maze kwiyumvira ku ma-  
vuga twakoresheje mu  
myaka iheze yo «kuge-



nda no kuraba» be no  
«kwumviriza» nk'ishimi-  
kiro ry'ikiyago n'ukume-  
nyesha amakuru, nasha-  
ka muri iri jambo ryo kuri  
uyu musi mpuzamakungu  
ugira uwa 57 wahariwe  
ukumenyeshya amakuru,  
nshimikire ku "kuvugana  
umutima".

Kukaba nka ko, umuti-  
ma ni wo utwosha kugenda,  
kuraba no kwumviriza,  
kandi ni uwo mutima

Soma ku Rup. 5

Abakozi ba Ndongozi

Uwujejwe uruganda:

\* A. Noël NTIRANDEKURA

Abamenyeshamakuru:

\* A. Noël NTIRANDEKURA

\* Mélance NDAYIKEZE

\* MSV Marie Goreth NDIKUMANA

Uwujejwe ubuhinga:

\* Chanel HARINGANJI

Umunyamabanga:

\* MSV Marie Goreth NDIKUMANA

Umunyabigega:

\* MSV Nadine HARAGIRIMANA

Uwujejwe imigende-  
ranire:

\* J. de Dieu NDIKUMANA

## Gupfira umuvukano biracashoboka mu Burundi



Soma ku Rup. 4

### Ibirimwo

- o Radio Maria Burundi : «Mariathon 2023».....4
- o Gupfira umuvukano biracashoboka mu Burundi.....8

- o Uburenganzira bw'abana bapfuzwe .....10
- o Ikibazo c'amahoro n'umutekano muri Afrika yo hagati kiraraje ishingira Ekleziya Katolika.....12

## Idominika y'Ubutatu Bweranda : Umwaka A

**Igisomwa ca mbere : Ihunguka : 34,4-6.8-9**

Ivyo dusoma mu gitabu c'Ihunguka:

*(Umukama, Imana yuzuye imbabazi n'ubuntu)*

Muri irya minsi, Musa abaza ibisate vy'amabuye bisa n'ivya mbere, araheza avyuka kare mu gitondo nk'uko Umukama yari yabimutegetse, aduga ku musozi Sinayi afise mu minwe vya bisate bibiri vy'amabuye. Umukama amanuka mu gicu, ahagarara ngaho iruhande yiwe, asamiriza izina Umukama. Umukama aca imbere yiwe avuga ati: «Ndi Umukama, Ndi Umukama Imana nyene impuhwe n'imbabazi itihutira gushavura, yuzuye ubuntu n'ukuri, yerekana ubuntu bwayo gushika ku mvyaro ibihumbi n'ibihumbi, ikihanganira icaha, ubugome n'igicumuro; ariko nta kibi idahana, irahana abana n'abuzukuru bo ku ruvyaro rwa gatatu n'urwa kane ibaziza icaha ca ba sekuru.» Ubwo nyene Musa aca arunama, akubita inkoro hasi. Hanyuma avuga ati: «Ninaba naratewe iteka mu maso yawe ga Mukama, Umukama wanje nagendere hagati yacu, n'aho ari abantu badadaza igikanu, kandi uratubabarira ku caha cacu no ku gicumuro cacu, wongere utugire icibare cawe.»

**Igisomwa ca kabiri: I Abanyakorenti :13. 11-13**

Ivyo dusoma mw'ikete rya kabiri Umutumwa Paulo yandikiye Abanyakorenyi:

*(Muragahorane inema y'Umukama wacu Yezu Kristu, urukundo rw'Imana n'ingabirano ya Mutima Mweranda)*

Neuti zanje:

Nimunezerwe, murondere ubweranda, muremeshanye, muhuze imitima, mwamane amahoro, ni ho Imana y'urukundo n'amahoro izobana namwe. Nimuramukanye namwe mu guhoberana nk'aberanda. Aberanda bose barabaganutsa. Muragahorane mwese inema y'Umukama Yezu Kristu, urukundo rw'Imana n'ubunywanyi Mutima Mweranda.

**Inkuru nziza : Yohani : 3,16-18**

**Alleluya, Alleluya.**

*- Haninahazwe Data na Mwana na Mutima Mweranda! Haninahazwe Uwuriho, Uwamyeho n'Uwugira ngo aze!*

**Alleluya.**

Ivyo dusoma mu Njili nyeranda yanditse Yohani :

*(Imana yarungitse Umwana wayo ngo akize isi)*

Nkako nyene, Imana yarakunze isi gushika n'aho itanga Umwana wayo w'ikinege, ngo uwumwemeye wese ntapfe, aronke riho ubuzima budahera. Erega, Imana ntiyarungitse Umwana wayo kw'isi ngo acire isi urubanza, ahubwo yamurungitse ngo isi ikire ku bwiwe. Uwumwemera nta ntahe imuvugirako; uwutemera we yararemetswe intahe, kuko yanse kwemera izina ry'Umwana w'ikinege w'Imana.

## Tuzirikane ijambo ry'Imana: Ubutatu Bweranda

*Bavukanyi dusangiye ukwemera n'umuryango muri Yezu Kristu,*

**«Muragahorane mwese inema y'Umukama Yezu Kristu, urukundo rw'Imana n'ubunywanyi Mutima Mweranda.»**

Ku muni w'Imana uheze twahimbaje umuzo wa Mutimwa Mweranda ku batumwa, gutyo duca twinjira mu gihe gisanzwe ca Liturgiya kizodushikana ku muni w'Imana wa mbere w'U-



bushikiro uzokwugurura uwundi mwaka wa Liturijiya.

Pentekoti ihavuye, Ekleziya irabandanya kwino-vora ibindi vyiza vya Pa-

sika, kugira bidufashe kuguma twibuka ko ari vyo bibandanya bitubeshaho naho tuba twinjiye mu gihe citwa ko gisanzwe.

Ako kanovera tugasanga mu minsi mikuru itege-rezwa ikurikirana ari yo: uw'Ubutatu Bweranda" utwibutsa urukundo ntangere rw'Imana, uw'Isakramentu ryeranda utwibutsa ikinyezwa c'Ukaristiya co ku wa kane mweranda, n'uw'Umushaha Mweranda wa Yezu Kristu utwibutsa ukubabara kw'Umukama wacu ku wa gatanu mweranda.

Kuri uyu muni w'Imana ukurikirira Umuni

**Ibik. urup.3**

## Tuzirikane ijambo ry'Imana: Ubutatu Bweranda

mukuru wa Pentekoti, tugira tuzirikane ikinyegezwa c'Ubutatu Bweranda.

Kuva zina muntu akibaho, yamye arondera Imana mu buryo bwinshi kandi butandukanye, rimwe na rimwe agaca mu nzira itari yo. Mu Bwuzure bwa kera na honyene, Imana yarime-nyekanishije ku buryo bwinshi iciye ku bahanuzi, iba ari yo ibihishuka; ariko ukwigira umuntu kwayo muri Yezu Kristu niko kwabaye agahebuza k'ukwo kutwime-nyesha nk'uko intango y'ikete ry'andikiwe Abaheburayo ribituyagira: "Mu bihe vyinshi no mu buryo bwinshi, Imana yarayagiye kera ba sokuru iciye ku bahanuzi.

Muri iyi minsi y'impe-ruka na ho, yatuyagiye iciye ku Mwana wayo yashinze kuba samuragwa wa vyose akaba kandi yaremye vyose ku bwiwe.

Nkako ni we mwakaka w'ubuninahazwa bwayo n'akaranga ka kamere yayo akaba ari we ashigikiza vyose ijambo ryayo ritananirwa" (Heb 1,1-3).

Imana, nta majambo du-fise yo kuyiyaga uko bikwiye, Yo nyene ubwayo iratwibwiye nk'uko yaduteye iteka mu Mwana wayo yaje kuyiduhishuka mu buryo buhebuje.

No mu gisomwa ca mbere dukura mu Gitabu c'Ihunguka, twumvise ko Musa aje kubonana n'Imana,

ariko ikaba ari Yo imanuka ikamusanga aho ari, gutyo akabona kuronka ingene ayambaza: "Umukama amanuka mu gicu, ahagarara ngaho iruhande yiwe, asamiriza izina Umukama."

Nkako, Musa ntiyari abereye gushika aho Imana iri ngo ashobore kumenya izina ayiha atarihishuriwe. Amaze kumenya ko ari kumwe n'Imana "idakaze ishavu, iri ikigongwe cinshi, izira guhemuka", niho yubahutse no kuyisenga.

Imana ni ikinyegezwa kiturungeye, ntidushobora kumenye ingene tuyita n'ingene tuyambaza Yo nyene itabiduhaye.

Turahiriwe rero ko iryo teka twaritewe mu Mwana wayo no muri Mutima Mweranda, tukaba ari ryo turiko dukenguruka uyu muni.

Mu gisomwa ca kabiri, Paulo mweranda arabandanya atubwira ingene twokwigenza kugira natwe tuberwe n'iryo teka ryo kumenya no kubana n'Imana: kurondera ubweranda, kwamana amahoro ku rugero rw'Imana nyene kuko akaranga kayo ari urukundo n'amahoro.

Asozera atwibutsa gusagwa n'Ubutatu Bweranda akoresheje amajambo y'indamutso yama atangura Inkuka y'Imisa: "Muragahorane mwese inema y'Umukama Yezu Kristu, urukundo rw'Imana n'ubunywanyi Mutima Mweranda".

N'Inkuru nziza iratwibutsa ko twatewe iteka ryo kumenya Imana mu Mwana wayo: "Imana yarakunze isi gushika n'aho itanga Umwana wayo w'ikinege, ngo uwumwemeye wese ntapfe, aronke riho ubuzima budahera".

Iryo teka twatewe kubw'urukundo rw'Imana niryo rituzanira ubuzima budahera bw'Imana ari bwo yaduteguriye kuva ikiturema.

Ariko rero, ubwo buzima, Imana ntibutemeka, tubuhitamwo dushatse nka kurya umwana Atari umuja w'umuvyeyi.

Tubuhitamwo mu kugaragaza ukwemera kubudushikanamwo. Nukwemera nakwo ntikuva mu bwonko, na nyene ubwenge ubwenge budufasha gutegera ico twe-mera.

Gukomezwa nyabuna n'ukwicisha bugufi, tugatangarira ivyo tudategera mu kwama duteze yompi ico Imana ituyagira hamwe ibitwibwira mw'Ijambo ryayo, ahandiho twohava tumera nka Ogustino mweranda ngo yariko aritembera ku kiyaga azirikana arondera gutegera Ubutatu Bweranda, ashikira umwana yimvye akanogo ariko aradahiramwo amazi akura mu ruzi,.

Maze Ogustino aritangaza amubwira ko ariko aragira ibintu bidashoboka, mbere ko ariko arata umwanya. Wa mwana nawe ati: "Na we

nyene ni co kimwe, ntushobora kurangiririza Ubutatu Bweranda muri ubwo bwonko bwawe".

Bamwe mu batemera ikinyegezwa c'Ubutatu Bweranda batwagiriza ko, aho gusenga Imana imwe rudende, tuyibangikanya n'izindi zibiri. Ico bibagira n'uko naho Imana ari imwe Atari inyakamwe.

Yaremye umuntu ku gashusho kayo imugira umuryango w'abantu benshi basangiye kamere y'umuntu kandi aari umwe kuko na Yo nyene ari umuryango usangiye kamere imwe n'Imana, kandi uko niko Umukama Yezu yabiduhishutse.

Twinjira muri uyo muryango w'Imana duciye mw'ibatisimu, kikaba ari co gituma tubatizwa kw'izina rya Data na Mwana na Mutima Mweranda nk'uko Umukama Yezu yabiraze abatumba muri Ekleziya.

Bakunzi b'Imana, dukomeze ukwemera kwacu rero mu kuzirikana neza ca gice c'ukwemera twarazwe n'abatumba kiyaga ikinyegezwa c'Ubutatu bweranda: *Nemera Imana aimwe rudende... Nemera kandi Umutama umwe Yezu Kristu, Umwana w'ikinege w'Imana, yavyawe na Data ata myaka iravugwa, ni Imana iva ku Mana... aasangiye kamere na Se... Nemera kandi Mutiam Mweranda, Umukama atanga ubuzima, akomoka kuri Data na Mwana.*

# Radio Maria Burundi : «Mariathon 2023»

Uguterera Radio Maria Burundi, ni igikorwa ca buri mu kristu wese.

Ni muri iyo ntumbero habayeho igikorwa ca **Mariathon** cama kiba uko umwaka utashe mu kwezi kwa Rusama, kugira umukristu aronke akaryo keza ko kugira ikiyago mva mutima ciwe be n'insamirizi, biciye mu kuyiterera mu buryo budasanze muri ico kiringo. Uyu mwaka mu maparuwase, ico gikorwa cabaye ku magenekerezo ya 18,19,20 na 21 Rusama.

Mu bibanza bihuriramwo abantu benshi, ico gikorwa kizoba ku magenekerezo ya 4,5,6,7,8 na 9 Mukakaro. Guterera iyo nsamirizi muri mariathon rero, bikazorangirana n'igenekerezo rya 15 Myandagaro ku musu mukuru w'iyurizwa mw'ijuru rya Bikira Mariya.

« Kumwe na Bikira Maria, ndiyemeje guterera ku kwezi ku kwezi Radio Maria Burundi, kugira Inkuru Nziza ya Yezu Kristu ishike hose».



«Terera Radio Maria Burundi»

## COMPTES ZA RADIO MARIA

INTERBANK - BIF 701-7649 601-09	BGF 203 54 820 007
BANCOBU 10 283 520 101-35	BANCOBU e-Noti 20789
BCB 00 100 117 897-56	LUMICASH 44444
KCB 66 902 45 829	COOPEC BWIZA 31093
CRDB 0150 800 966 8007 2228	BBCI 7015263/001-000-108

Umuyeyi Bikira Mariya arakwishimiye kandi aragushimira ingene witangira ubutumwa bw'i Radiyo yiwe.

RADIO MARIA BURUNDI

### Imigambi mikuru mikuru itegekanijwe muri uyu mwaka wa 2023

1. Gusamirizamajwi biciye kuri antene izoshingwa i Birime mu Ruyigi : **(30 000 000FBu)**
2. Gushikana umuyagankuba kuri antene y'i Kaberenge muri Bururi : **(23 175 268 FBu)**
3. Gusozera ibikorwa vy'ugwubako rw'inzu insamirizi ikoreramwo : **(84 852 656 FBu)**
4. Kugura ivyuma vyo gusubiriza ivyapfuye muri Studio : **(35 972 076FBu)**
5. Kugura ivyuma vyo gusubiriza ivyapfuye kuma antene 7 ari mu bibanza bitandukanye : **(126 600 000FBu)**

Amahera asabwa muri iyi mariathon 2023 yose hamwe angana : **300 000 000FBu**

Icivugo c'uyu mwaka ni : «Abaronderana Imana akanyamuneza.»

Chanel HARINGANJI

# Kuvugana umutima : «Tuvuge ukuri mu rukundo»

(Abanyefezi 4,15)

*(Bitangurira ku rup.2*

nyene udusunikira mu kiyago cugurukiye uwundi kandi kimwakira.

Tumaze kwiga kwumviriza, tukamenya ko bidusaba ukurindira n'ukwihangana, hamwe n'ukwivako mu gushikiriza no kwemeza icyumviro cacu, turahereza rero tukinjira mu ngendo y'ukuganira n'ugusabikanya, ari na vyo biranga uguhanahana ijambo n'umutima kivukanyi.

Igihe tuzoba twumvirije uwundi n'umutima ukeye, ni ho tuzoshobora kandi no kuvuga mu kuri no mu rukundo (raba Abanyefezi 4,15).

Icodutera ubwoba mu kumenyesha ukuri, si ukwo kwoba guhungabanyanya, ahubwo ni mu gihe ata rukundo n'umutima twoba tubikoranye. Na none, nk'uko vyanditswe na Nyenubweranda Papa Benedigito XVI, «intumbero y'umukristu ni «umutima ubona» ». Uwo mutima, mu ndihaguzi zawo, uhishura ukuri kw'ubumuntu bwacu, maze na wo ugaheza ukabwirizwa kwumvirizwa.

Ivyo bica bikabura uwumviriza, akishira ku rugero rumwe n'uwuvuga, gushika yiyumvemwo mu mutima wiwe indihaguzi z'umutima w'uwundi. Ni aho rero iyo igitangaro c'uguhura cabaye usanga kidushikana ku kwihwezanya bamwe n'abandi n'umutima w'ikibabagwe, umutima wakirana icubahiro amagara make ya buri muntu, ha kumucira urubanza ufatiye ku



mabwire, gucanishamwo abantu no kubatandukanya.

Yezu araturagabisha ko igiti cose kimenyekanira ku camwa cacu bwite (raba Luka 6,44):

« Umuntu mwiza akura mu bubiko bwiza bw'umutima ibintu vyiza, na yo umuntu mubi agakura mu bubiko bubi ibintu bibi. Na none, ivyo umuntu avuga ni ibiba bivuye mu mutima» (raba Luka 6,45). Ni co gituma mu guhanahana ijambo mu kuri no mu rukundo, umuntu ategerezwa kubanza gutyorora umutima wiwe.

Ni mu kwumva no mu kuvuga n'umutima ukeye dushobora kubona hirya y'ivyibonekeza no kurengerera urwamo rwo mu rwinshi, urwamo mbere dushobora gusanga no mu gisata c'amakuru ; urwo rwamo ntiruheza ngo rudufashe gutohoza neza ibibera irya n'ino mw'isi tubayemwo.

Umuhamagaro wo kuvuga n'umutima, urahamagari ushimitse abo muri ibi bihe guhagararira ukuri, ubona ko abatari bake usanga bariziziwe n'ukuba ba sindabibazwa n'abiyon-

jorora, bifatiye rimwe na rimwe ku kutaronka amakuru y'ukuri, ahubwo bakaronka amakuru y'ibinyoma agambiriye guhuvya ukuri.

## *Uguhanahana ijambo kivukanyi*

Uguhanahana ijambo kivukanyi bivuga ko uwusoma ivyo twandika canke uwumviriza ivyo tumenyekanisha aca ategera uruhara rwacu mu binezereza canke ibihagarika umutima, mu bizana umwizero no mu bica intege abantu bo muri iki gihe. Uwuvuga bene ukwo arakunda uwundi, kubera ko amwitwararika, akubahiriza n'ubwigenge bwiwe, ha kubuhonyanga.

Twoshobora kwihweza ubwo buryo bwo guhanahana ijambo kivukanyi dufatiye ku rugendokiya go rudasanze rwabaye hagati ya Yezu na ba bigishwa babiri b'i Emawusi, bagenda baganira bongera baharira ku vyari vyabaye i Gologota.

Yezu yazutse yarabaganirije n'umutima mu kwinjirana ukwicisha bugufi mu rugendo rw'umubabaro wabo, atarondera

kwishira hejuru, ahubwo n'umutima wuzuye urukundo abafasha gutahura bimwe bishemeye ivyamushikiye.

Baraheza baravugana bati: « Erega ni ho umutima wacu wari wuzuye urukundo aho twafatanye akayira adusigurira Ivyanditse.» (raba Luka 24,32).

Mu gihe ca kahise kirangwa n'ugukumirana n'ukutemerana n'umuryango w'abemera udasi-gaye inyuma ukwiyemeza mu vy'uguhanahana amakuru « n'umutima wugurukiye abandi» nti-vyerekeye gusa abahinga mu vy'amakuru, ahubwo ni uruhara rw'uwo ari we wese.

Turahamagariwe rero twise kurondera no kuvuga ukuri, kandi tukabigirana urukundo. Vy'umwihariko, twebwe nk'abakristu dutumiriwe na ntaryo kurinda akabi ururimi rwacu (raba Izaburi 34,14), kuko nk'uko Ivyanditswe bibitwigi-sha, ururimi turashobora kuruhezagiza Umukama ari we Dawe kandi turuvumisha abantu baremanywe agashusho k'Imana (raba Yakobo 3,9).

Ntibibereye ko mu ka-nwa kacu hovamwo ijambo na rimwe ribi, «ndetse ijambo ryiza ryose rishobora gushika ku nyota hamwe rikenyewe, rikagirira ineza abaryumvise» (Abanyefezi 4,29).

Rimwe na rimwe, ijambo rivuganywe urukundo rirakura igihengeri mu mitima yari yaramaze gukomantara.

# Uguhimbaza Umusi w'Imana. *(Ibikurikira)*

*Kuva mu Misa gushika ku butumwa*

Mu kuronka umukate muzima, abigishwa ba Yezu Kristu bakoranijwe n'Uwazutse kandi barongowe na Mutima wiwe bari biteguriye ubutumwa bwari bubarindiriye mu buzima bwabo bwa misi yose. Ku mukristu yategereye ico ari co «guhimbaza Ukaristiya», insiguro yaronse ntiyohereza mw'isengeru, a-hubwo yokwira imitumba yose avuye guhimabaza iyo Ukaristiya.

Nk'ababaye ivyabona vyizuka rya Kristu ubwa mbere, abakristu na bo nyene buri muni w'Imana bahamagariwe kubeshwaho n'Uwazutse no kumubera ivyabona mu buzima bwabo bwose. Ni co gituma igisabisho kivugwa bahejeje gusangira, ibirori bisozera, umuhezagiro n'irungikwa ry'abakristu, bi-kwiye insiguro ikwiye kugira ngo umukristu wese yumve, ategere insobanuro yavyo.

Uno nawe abonere mwo ubutumwa bumurindiriye. Ishengeru rimaze gusanzara, umukristu wese asubira ku gatumba iyo yaje ava, mu vyawe no mu hiwe, ariko atibagiye «guherezwa umubiri wiwe nk'ishikanwa rizima, ryeranda, rishika Imana ku nyota». Mu guhimbaza Ukaristiya, yumva ko hari umwenda afitiye abavandimwe biwe, nka kumwa kwa ba bigishwa b'i Emausi bamaze kuyimenya Yezu ahoyamanyura umukate, baciye baja gusangira na

bene wabo ako kanyamuneza k'uko babonye Umukama yazutse.

***Ibwirizwa ry'umunsi w'Imana***

Mu myaka ya mbere y'Ekleziya, abari barongoye umuryango ntibahengeshanije kwibutsa abawo bafatiye kuri yo mvugo: «y'uko Ukaristiya ari umutima w'umunsi w'Imana» umwitwarariko wo kuja mw'ikoraniro ry'uwo muni bagira bati: «Ku muni w'Umukama, reke vyose, mwihutire kuja mw'ikoraniro kuko ariho muninahariza Imana».

None abo bose birengagiza uwo muni w'Umukama, ntibaje hamwe ngo Imana ibayagire yongere ibafungurire imfungurwa izohoraho, bazikwishura iki ni barenguka imbere yiwe? Mu vyashukirijwe n'igikomangoma Antonio, Yustino Mweranda yashoboye kumenyesha n'akanyamuneza ntangere uko iryo tegeko ryaranguwe n'abo mu bisagara eka nabo mu misozi badasigaye inyuma, mu bihe vy'uruhamo rwa Diyoklesiano, aho bari barabujijwe gukoranira hamwe. Abahamwa bo bashimye gupfa aho gusiba umunsi w'Imana.

Nk'abapfiriye Imana bo muri Abitiniya, muri Afrika bishuye abatoteza abandi bati: «Nta bwoba dufise iyo tugiye guhimbaza Isakramentu ry'Umukama, ntituzigera dutezura; niryo bwirizwa ryacu! Ntitwobaho tutaronka Umubiri

w'Umukama...» Umwe muri bo we yishuye ati: 'N'ukuri nagiye mw'ikoraniro, nahimbaje Ukaristiya y'Umukama hamwe n'abandi, kuko ndi UMUKRISTU.

Amategoko y'ubu arisubiramwo agira ati: «Umunsi w'Imana n'i-yindi minsi mikuru itegerezwa, abakristu bose bategerezwa kuyininahaza mu kuja mu misa». Ni itegeko kuri buri mukristu wese. I-vyo bigaruka ku bunge-re b'Ekleziya, abepiskopi bo «bashinzwe gusigurira intama baragiye uko guhimbaza n'uko guhaya Imana uko bikwiye uwo 'Munsi w'Umukama'.

Umunsi Ekleziya yose ikorana ngo yibuke inkuka y'Umukama, yibuke ibinyegezwa vya Pasika, mu gutega amatwi ijamba ry'Imana no mu guhereza Inkuka y'Umukama, mu guhemeza uwo muni mu bisabisho, mu bikorwa vy'urukundo eka no mu kureka imirimo yose iruhisha kuri uwo muni.

Kugira ngo abaje mw'ikoraniro berekane nabo uruhara rwabo muri ryo, ntibabe baje kaburorerezi, indirimbo zoba izizwi na bese; aho u-mwe wese ashiramwo agahogo kiwe; na kera ngo: «Akuzuye umutima gasesekara ku rurimi». ijamba ry'Imana ry'uwo muni ryotegurwa uko bibereye, haba ku ruhande rw'uwurishikiriza haba no kuwurisobanurira abaraho mu nsiguro ashikiriza.

Kubera n'uko Ekleziya izi ubukene bwayo bw'abasaserdoti, abakristu benshi ntibashobora kuri uwo muni kuba bari iruhande y'umusaserdoti ngo bahereze hamwe Ukaristiya, vyayitumye ishiraho itegeko ryo «Guhimbaza uwo muni ata musaserdoti» aho hose harekuwe n'Umwepiskopi.

N'iryo koraniro ryomenya kandi rigategera ko ritari ryonyene, ko ryifatanije n'umuryango wose ugize paruwasi eka n'uwo kw'isi yose, kubw'Ijambo ry'Imana rimwe bahurirako bese no kubw'ubutumwa baja kurangura basubiye mu mihana iwabo inyuma y'ikoraniro, bamwe bese aho baherereye.

Ni co kimwe n'abagwaye, abamugaye canke abafise izindi mpamvu zihambaye zabatumye batifatanya n'abandi ariko bagakurikira uwo muni w'Imana mu maradiyo canke mu mboneshakure. Bokwamiza ku muzirikanyi ko batari bonyene, bokwifatanya n'abandi mu kwihereza bahereza n'ivyabo vyose. Batibagiye kuvyura mu mutima wabo inkumbu bafitiye Kristu.

Bomenya kandi ko atari bwo buryo bushemeye bwo kwama bahimbaza uwo muni, kuko umunsi w'Umukama ariwo 'Munsi w'Ekleziya' urangurira vy'ukuri muri rya Koraniro rusangi ry'abemera.

**Biracaza**

*Ivyiyumviro bikuru bikuru vyavuye muri «Dies Domini», Inyigisho ya Papa Yohani Paulo wa II*

## Kuva 2025, Intara ya Buhumuza izoba igizwe n'amakomine 7 (Ibikorikira)

- Zone Kiyanza igizwe n'imitumba 12 : Bonero, Bubaji, Ciyando, Gahekanya, Gasenyi, Gitaba, Kibongera, Kigajo, Kiyanza, Mukungu, Musenga, Ruryazo.

- Zone Kayenzi igizwe n'imitumba 6 : Kayenzi, Kibongera, Mageni, Musenga, Nkoyoyo, Rusengo.

- Zone Kiremba igizwe n'imitumba 6 : Gasuru, Kimanga, Kiremba, Kivubo, Kizi, Martyazo.

- Zone Munagano igizwe n'imitumba 7 : Buhurana, Gatovu, Munagano, Musenyi, Ntamba, Nyamaramba, sanzwe.

- Zone Murama igizwe n'imitumba 7 : Gasasa, Kavumu, Mubuga, Murama, Mwurire, Rusumo, Ryabihira.

- Zone Mwakiro igizwe n'imitumba 10 : Bugonza, Butobwe, gakombe, Gihoza, Kabingo, Karehe, Kibande, Kibwirwa, Muyange, Mwakiro.

- Zone Muyinga igizwe n'imitumba n'ama Quartier 14 : Bugomora, Burima, Cibari, Gahororo, Gitongwe, Karemera, Ki-



Intara ya Buhumuza ni imwe mu ntara zitanu zizoba zigize intara z'uburundi, kuva mu mwaka wa 2025

ryama, Kivoga, Rwimbogo, Quartier Kibogoye, Quartier Kinyota, Quartier Kwibuye, Quartier Mukoni, Quartier Muyinga.

- Zone Rugabano igizwe n'imitumba 9 : Bukwanzi, Gahemba, Gisuma, Kadende, Kavugangoma, Mukunguza, Rugabano, Rukanya, Rusheri.

- Zone Rugari igizwe n'imitumba 8 : Bunywana, Gatongati, Kinazi, Mahonda, Migogo, Rugari, Rutoke, Ruyigi.

Yose hamwe ni imitumba canke amakartiye 135 bigize amazone 16 y'ikomine ya Muyinga.

7. Komine Ruyigi, umugwa mukuru ni NRuyigi. Igizwe n'amazone 9 :

• Zone Busoro igizwe n'imitumba 4: Busoro, Gaseanyi, Kigusu na Rubavu.

• Zone Butezi igizwe n'imitumba 4: Kirasira, Nkongwe, Rugoti na Sorero.

• Zone Bwagiriza igizwe n'imitumba 7: Bwagiriza, gashurushuru, Munyinya,

Nombe, Rubaragaza, Rutegama, Senga.

• Zone Kayongozi igizwe n'imitumba 5: Busuma, Caga, Kanisha, Mibanga na Nkanda.

• Zone Kirambi igizwe n'imitumba 6: Bigombo, Gatwaro, Kirambi, Nyamugari, Nyarunazi, Ruyagira.

• Zone Mubira igizwe n'imitumba 4: Gitwa, Mubira, Mugogo na Muyange.

• Zone Bweru igizwe n'imitumba 6: Bweru, Gashare, Masama, Mubavu, Ntunda, Nzozi.

• Zone Rusengo igizwe n'imitumba 7: Bunogera, Buruhukiro, Gisoro, Kirambi, Migege, Nganji, Nyagutoha.

• Zone Ruyigi igizwe n'imitumba n'amakartiye 14: Dutwe, Gahemba, Kigamba, Ngarama, Nyarunazi, Ruhwago, Rukaragata, Ruyigi, Quartier Gasanda, Quartier Kinyabakecuru, Quartier Sanzu.

Yose hamwe ni imitumba n'amakartiye 54 bigize amazon 9 ya Komine Ruyigi.

## Kuva 2025, Intara ya Bujumbura izoba igizwe n'amakomine 11

Intara ya Bujumbura ifise umugwa mukuru Bujumbura, igizwe n'amakomine 11 n'amazone 97. Ayo makomine ni Bubanza, Bukinanyana, Cibitoke, Isare, Mpanda, Mugere, Mugina, Muhuta, Mukaza, Ntahangwa na Rwibaga.

### Komine Bubanza.

Umugwa mukuru wa komine ni Bubanza, igizwe n'amazone 8. Nayo ni :

• Zone Bubanza igizwe n'amakartiye 5: kartiye Bubanza, Buhororo, Giko, Matonge, Ruvumvu.



• Zone Buvyuko igizwe n'imitumba 7: Cimbizi, Muhanza, Muhenga, Nyabitaka, Rugunga, Rurabo, Zina.

• Zone Kivyuka igizwe n'imitumba 5: Bisiga, Gashinge, Gatare, Kiziba, Munanira

• Zone Mitakataka igizwe n'imitumba 4: Gahongore, Gatura, Kagirigiri, Mitakataka.

• Zone Muramba igizwe n'imitumba 10: Ciya, Gitanga, Gitsiri, Karinzi, Kiviyuru, Mugimbu, Muramba, Mwanda, Ngara, Rabiho.

• Zone Musigati igizwe n'imitumba 9: Buhurika, Bukinga, Dondi, Kanazi, Kayange, Mpishi, Mugom-

barima, Musigati, Nyarusange.

• Zone Muyebe igizwe n'imitumba 6: Bubenga, Butaha, Masare, Mugoma, Muyebe, Ruvyimvya.

• Zone Ntamba igizwe n'imitumba 5: Mpinga, Ntamba, Rugeyo, Rusekabye na Rushiha.

Yose hamwe ni imitumba canke makartiye 51 bigize amazone 8 ya komine Bubanza.

**Biracaza**

**Patiri Noël Ntirandekura**

# Gupfira umuvukano biracashoboka mu Burundi

(Bitangurira ku rup.1)

Patiri Zakariya BUKURU, niwe yaramutswa iseminari y'i Buta ico gihe. Avuga ati :

Foto : Chanel HARINAGNJI



“ Baduteye isaha cumi n'imwe n'inusu y'ubuca, twavyuwe n'urusasu rwa mbere, nta numwe yari bwavyuke kiretse abana bakeya n'abarezi bari bateramye.

Ayo masasu amaze kuvuga, umutima waramvuyemwo nca ndavyuka, ndabiye mw'idirisha nsanga bamaze gushika, niyumvira abana ingene nobatabara ntivyari bigishoboka *“Igitwe gisumba ikibondo, nacye niruka nja kwinyegeza”*, ariko buno nyene baba banshikiriye bariko bararasa mu cumba iwanyije, batembagaza ibintu vyose bandondera ariko Imana iranyegeza.

Mugabo bagishika batumbereye uburaro bw'abanyeshure buri muri etaje, abakiri bato baca baramena amadirisha barahunga, abatashoboye guhunga ni abakuze cane cane bo mu myaka ya 11, 12 na 13 barabashumiye rimwe na rimwe kandi bari basanzwe ari bo benshi baca batangu-



Foto : Chanel HARINAGNJI

ra kubarasa, bababwira ngo nibitandukanye abahutu baje ukwabo abatusi ukwabo nabo baranka.

Baciye batangura kubakura musu y'ibitanda bababwira ko bobakeka banse kuvayo. Baca bafatana amaboko berekana ko naho vyogenda gute badashobora gutandukana, ariko vyabaye kera baca baravayo bashize amaboko hejuru, baca babajana ahatagira ibitanda babasaba amahera bongera bababwira ko bokwivangura abahutu ukwabo, abatutsi ukwabo bongera kuvyanka.


Baciye babarasa babateramwo n'amagerenade, abatapfuye bahungira musu y'ibitanda bongera kubasangayo barabarasa, baca batangura gusenga basabira igihugu bongera basengera abo bariko barabica bavuga ngo : “Mukama, bagirire ikigongwe ntibazi ico bakora”.

Mu nyuma bimaze kuganuka niho naja kuraba nsanga ibara ryaguye, abana banje bahonye ndababara nshaka guturika, abana twari tubanye

neza kandi dusangiye vyinshi.

Sinigeze niyumvira nti iyo mpfa nkajana n'abana banje nakunda? Imana yanzigamye kugira nzoyagire abandi ivyabaye kuko icumba nabamwo bakirashe umwanya munini cane.”

Izo ntahe zihaze hacye hakurikira ibibazo vya bamwe n'abandi mu ntumbero yo gutahura kuko



mu kiringo izo ntahe zariko zirashikirizwa, benshi bari ngaho vyaraboneka ko bijiriwe mu maso kubw'izo ntahe z'ivyashikiye abo bana. Ariko bagashimira abari bateguye ico kiganiro kuko kibunguye muri vyinshi.

Umwungere wa diyoseze Bururi yahavuye arangiza ico kiganiro asaba

abari ngaho kuba abantu barekurira abandi kuko intibagira ntibana.

Amenyeshya kandi ko ibisabwa vyose kugira abo bana baje mu bahimbazwa kumwe na patiri Micheli KAYOYA w'i Gitega hamwe n'abamisiyonali b'abapatiri 2 n'umukristu w'umulayike umwe baguye i Buyengeru amaze kubishikana i Roma kuko ari we yari ajejwe kuvyegeranya.

Ico kiganiro kikaba cari cahuje bamwe mu bajejwe intwari n'umutekano mu ntara ya Bururi, urwaruka rwari rumaze imisi rukurikirana ibijanye n'ubutungane n'amahoro muri iyo diyoseze hamwe n'abasaserdoti n'abalayike bari mu gisata c'ubutungane n'amahoro muri iyo diyoseze, abari mu gisata c'abepiskopi kijejwe ubutungane n'amahoro ku rwego rw'igihugu hamwe n'abari baje baserukira ishirahamwe AGIAMONDO risanzwe ryunganira ico gisata c'ubutungane n'amahoro mu bijanye n'integuro y'ibikorwa vyaco.

**Chanel HARINGANJI**



# Kuvugana umutima : «Tuvuge ukuri mu rukundo»

(Abanyefezi 4,15)

Eka no mu mayagwa amwe amwe turabisa-ngamwo. Aha ndiyumvira nko ku rupapuro rumwe rw'igitabu kizwi cane ci-twa « Les Fia-ncés » (Promessi Sposi), mu kigabane caco ca 21, aho uwitwa Lucia ayaga n'umuntu atazi.

Ukumuvugisha n'umutima w'urukundo vyarakoze kuri uwo muntu gushika n'aho uno yumva ko inkomezi zimuharanye, araheza ariyoroSHA ku bw'urukundo agaragarijwe.

Turabibona kandi no mu mibano hagati y'abasangiye igihugu, aho ubugwaneza atari gusa ikibazo "c'imigenzo myiza", ahubwo ari umuti w'ububisha, ariko iyo ukoreshejwe nabi ushobora gutera umutima mubi bamwe bamwe no gutosekaza imigenderanire.

Ijambo rivuganywe urukundo rero turarikeneye no mu bimenyeshamakuru, kugira ngo uguhanahana amakuru ntibibe ibisongera isibe, ibikabura ishavu ry'abantu canke ibibakwegera mu ndyane, ahubwo bibafashe kwiyumvira batekanye no gutahurana n'umutima uzirikana u-kuri ku kuntu abandi babayeho.

**Uguhuza imitima mu guhanahana amakuru: «igikuru ni urukundo mu mvugo»**

Umweranda Fransisko w'i Sales, Umwigisha w'Ekleziya, haraheze imyaka 400 ashengaye, ni umwe mu turorero duhambaye kandi duhimbaye two «kuvuga n'umutima», ari na we mperutse kwitirira ikete ryanje ry'ubutu-

mwa nise « Vyose bija-nye n'urukundo » (Totum amoris est).

Hamwe n'iyi sabukuru yiwe, ndi n'iteka ryo kwibutsa iyindi sabukuru yo muri uyu mwaka w'2023 : yubile y'imyaka 100 yemejwe ko ari umuvunyi w'abamenyeshamakuru Katolika, nk'uko tubisanga mu rwandiko rw'ubutumwa rwa Nyenubweranda Papa Piyo XI, «Guhungabanya ibintu vyose » (Rerum omnium perturbationem).

Fransisko w'i Sales, ha mbavu y'uko yari incabwenge ibushitse n'uko yabaye n'umwanditsi rurangiranwa n'umuhinga mu vya Tewolojiya, yarabaye kandi n'Umwepiskopi w'i Genève mu ntango z'ikinjana c'icumi n'indwi (XVII), ico gihe hari mu myaka igoye cane, y'amata-tati n'abayoboKE b'idini rya Calvin.

Ukugenza buhora kwiwe, ubuntu n'ukwama yiteguriye kuganira n'abandi atarambirwa, na cane cane abo batavuga rumwe, biri mu vyamugize icabona kidasanze c'urukundo n'ikigongwe vy'Imana.

Mbere baramuvuga cane bafatiye kuri aya majambo yo mu gitabu ca Mwene Siraki, ngo : « imvuganziza igwiza abagenzi, ururimi ruvuga neza rukagwiza imigenderanire myiza » (Mwene Siraki 6,5). Mbere, rimwe mu matangazo yiwe yamenyekaneye cane ni iryo yise «umutima uvugisha umutima», ryafashije inzaruka z'abakristu mu bihe bitandukanye, nk'umweranda Yohani Hari Newman (John Henry Newman),

yahavuye mbere arigira icivugo ciwe, « Ibiganirwo umutima ku mutima » (Cor ad cor loquitur) : «igikuru ni urukundo mu mvugo », ni kimwe mu vyo yemera. Ivyo birerekana ukuntu, ku bwiwe, ukumenyeshamakuru bitofatwa nk'utugenegene gusa, canke ukuvuga ngo « uyu musu twovuga... », nk'uko womenga ni uguhayanisha ibintu gusa, ahubwo vyotegerezwa guserura ikiri ku mushaha, agace kaboneka k'intimatima y'urukundo itabonwa n'amaso y'umubiri.

Ku bw'umweranda Fransisko w'i Sales, ni neza na neza « mu mutima no ku bw'umutima haranguka urugendo rwo kwunga ubumwe mu buryo bworoshe kandi buhambaye, ari na ho umuntu aheza akamenyera Imana » [2].

Urwo rukundo rwi-yugururiye uwundi ni na rwo rwashoboye umweranda Fransisko w'i Sales kuyaga neza n'uwitwa Martino yari ikiragi, mbere arahava ahinduka umugenzi wiwe ; ni co gituma yibukwa kandi nk'umurinzi w'abafise ikibazo c'ubumuga bw'uguhanahana amakuru.

Iyo ngingo y'urukundo ni na yo yatumye uwo mwepiskopi mweranda w'i Genève, biciye mu nyandiko ziwe no mu ntahe z'ubuzima bwiwe yagiye arashinga, atwibutsa ko «turi ico tumenyekanisha».

Ikibabaje muri ibi bihe ni uko iyo nyigisho yahinduwe, abantu bakaba basigaye bakoresha amakuru ngo isi ibabone nk'uko bashakaga, ha kubabona nk'uko bari vy'uku-

ri, nk'uko vyama vyibonekeza ku mbuga-hwaniro zo ku mihora ngurukanabumenyi. Umweranda Fransisko wewe yaratanze inyandiko nyinshi zewe kw'isinzi ry'abantu b'i Genève.

Mbere iyo mpengamiro y'ubumenyeshamakuru yaratumye aba rurangiranwa n'ingoga no mu zindi diyoseze, gushika n'ubu. Inyandiko ziwe, nk'uko n'umweranda Paulo VI yabigarutseko, ni « ivyanditswe bitera akanyamuneza, vyigisha kandi bishwangamura ». None dufatiye ku kuntu uno musu ibinyamakuru vyigenza, ntimubona ko ako karanga vyari bigakeneye ngo ivyanditswe muri ivyo binyamakuru, amakuru atangajwe, ibiganirwo vyo mu nsamirizi no mu mboneshakure canke ibica ku mbuga-hwaniro bigarukane akanovera ? Abahinga mu mwuga wo kumenyeshamakuru rero bari bakwiye kwisunga uwo mweranda mu kugenza make ngo bashobore kurondera no guhura n'ukuri mu bubangutsi no mu mwidegemvyo, bateko bahunge inyosha mbi yose yoza ibavugisha ibidahumuriza n'ibikokeza indyane.

## Biracaza

**Bigiriwe i Roma, Yohani w'i Latran mweranda, 24 Nzero 2023, icibutso c'umweranda Fransisko w'i Sales. Papa Fransisko.**

**Vyahinduwe mu kirundi n'igisata ca Diyoseze Nkuru ya Bujumbura kijejwe kumenyeshamakuru amakuru (CEDICOM)**

## Uburenganzira bw'abana bapfunzwe

Ukwidagemvya ni uburenganzira bw'umuntu uwo ari we wese, ugupfungwa bigirwa igihe izindi nzira zose zananiranye. Umwana arashobora gupfungwa mu gihe c'amatohoza iyo yikekwako icaha canke agapfungwa urubanza rumaze kuba ntabanduka mu gihe yaciriwe igihano c'umunyoro.

Ariko naho nyene, umwana aguma afise uburenganzira bwo kwumvirizwa na sentare ibifitiye ububasha, kuronswa umushingwamanza, kugira imigenderanire n'abavyeyi biwe, gutandukanywa n'abandi bapfungwa bakuze, gufatwa runtu, kudacirirwa umunyoro wo guherayo, n'ibindi.

Uburenganzira bw'abana bapfunzwe butegekanijwe n'amategeko mpuzamakungu hamwe n'amategeko y'igihugu c'Uburundi.

### 1. Ingene amategeko mpuzamakungu ategukanya ubwo burenganzira.

Uburenganzira bw'abana bapfunzwe butegekanijwe n'amategeko mpu-zamakungu atandukanye : amasezerano mpuzamakungu yerekeye agateka k'abana, ingingo z'ishirahamwe mpuzamakungu ONU mu bijanye no gukingira abana bapfunzwe hamwe n'amasezerano ya Afrika yubahiriza agateka n'ukubaho neza .

#### a) Mu masezerano mpuzamakungu yerekeye agateka k'abana.

Umwana yikekwako icaha canke yakozwe icaha arafise uburenganzira bwo kudasinzikarizwa ubuzima, bwo kudahanishwa umunyoro wo gu-pfungwa ubuzima bwose kandi agapfungwa mu gihe gito.

Ibi tubisanga mu ngingo ya 37 ivuga ko "ata mwana n'umwe yosinzi-karizwa ubuzima, yofatwa bunyamaswa, yocirirwa urubanza rwo gupfa, yocirirwa umunyoro wo gu-pfungwa ubuzima bwiwe bwose kandi ugupfungwa kwiwe kugategerezwa kumara igihe gito gishoboka".

Umwana apfunzwe arafise uburenganzira bwo gufatwa runtu kandi agapfungirwa mu kibanza cagenewe abana. Ibi bitekanijwe n'iyi ngingo ya 37 mu gace kayo ka 3 aho ivuga ko "umwana apfunzwe yofatwa runtu kandi agateka kiwe kakubahirizwa hakurikijwe ivyo abana banga-na bakeneye, agatandukanywa n'abapfungwa bakuze kiretse igihe bijanye n'ineza yiwe.

Umwana yagirizwa icaha afise uburenganzira bwo kugumana imigenderanire n'umuryango wiwe, mu kwandikiranira canke mu kuramukanya kiretse habaye impamvu zikomeye zibibuza".

Umwana apfunzwe ararekuriwe kuronka uwu-

mwunganira mu vye-rekeye amategeko. Ibi tubisanga mu gace ka 4 k'iyi ngingo kavuga ko "abana bapfunzwe bafise uburenganzira bwo kuronka bidatevye uwubunganira mu bijanye n'amategeko kandi bakagira uburenganzira bwo kwiregura imbere y'ubutegetsu bubijewe canke imbere ya sentare yigenga kandi itagira aho yegamiye".

#### b) Ingingo z'ishirahamwe mpuzamakungu kubijanye no gukingira abana bapfunzwe.

Abana bapfunzwe barafise uburenganzira bwo gupfungirwa mu kibanza cagenewe abana. Ibi titegekanijwe n'ingingo ya 29 ivuga ko "mu mabohero yose, abana bapfunzwe bategerezwa gutandukanywa n'abapfungwa bakuze kiretse iyo ari abo mu muryango wabo canke iyo ari abantu batowe mu buryo bwitondewe kugira bafashanye n'abobana ibikorwa bidasanzwe bibafitiye akamaro".

Izi ngingo z'ishirahamwe mpuzamakungu zirategekanya ko abana bapfunzwe bategerezwa kuronswa imfungurwa zikwiye kandi zirimwo ivyankenerwa kugira amagara yabo abe meza.

Ibi tubisanga mu ngingo ya 37 ivuga ko "abana bapfunzwe bategerezwa kuronswa amazi meza, imfungurwa zikwiye, zisukuye, zirimwo ivyankenerwa vyose bivanye n'ibikorwa bakora kandi

bakabironka ku masaha ategekanijwe".

c) Mu masezerano ya Afrika yubahiriza agateka n'ukubaho neza kw'abana.

Ingingo ya 17 ivuga ko "ibihugu vyashize umukono kuri aya masezerano vyiyemeza gukora uko bishoboye kugira ngo umwana apfunzwe ntasinzi-karizwe ubuzima, aronswe umushingwamanza, ntapfungirwe hamwe n'abantu bakuze, amenyeshwe ivyo yagirizwa kandi urubanza rwiwe rucibwe mu gihe gito gishoboka".

Nk'uko duhejeje kubibona amategeko mpuzamakungu atandukanye arategekanya uburenganzira bw'abana bapfunzwe. N'amategeko y'igihugu c'Uburundi n'uko nyene.

### 2. Ingene amategeko y'igihugu ategukanya ubwo burenganzira

Mu mategeko y'igihugu c'Uburundi, tuja kwisungira ingingo ziri mw'ibwirizwa Shingiro, mw'ibwirizwa n°1/09 ryo kuwa 11 rusama 2020 ryerekeye ingene imanza z'ivyaha zitohozwa, ziburanihwa n'ingene zicibwa hamwe n'iziri mw'ibwirizwa n°1/24 ryo kuwa 17 kigarama 2017 rigenga amabohero mu Burundi.

## Uburenganzira bw'abana bapfunzwe

*(Bitangurira ku rup.10)*

### a) Mw'ibwirizwa Shingiro

Ingingo ya 19 irinjiza mu mategeko n'amabwirizwa bigenga Uburundi amasezerano mpuzamakungu yerekeye agateka ka zina muntu bwashizeko umukono.

Nk'uko twabonye ko amasezerano mpuzamakungu atagekanya ko umwana yopfungwa mu gihe gito, yotandukanywa n'abapfungwa bakuze, n'ibwirizwa Shingiro ntiryasigaye inyuma mu gushimangira ayo masezerano.

Tubisanga mu ngingo ya 46 ivuga ko "bibujijwe gupfunga umwana kiretse ata kundi vyogenda, naho nyene agapfungwa igihe gito gishoboka. Bishitse naho agapfungwa, ategerezwa gutandukanywa n'imbohe zirenza imwaka cumi n'itandatu y'amavuka kandi agafatwa mu buryo bukwiranye n'imyaka yiwe".

### b) Mw'ibwirizwan<sup>o</sup>1/09 ryo kuwa 11 rusama 2020 ryerekeye ingene imanza z'ivyaha zitohozwa, ziburanishwa n'ingene zicibwa

Umwana yikekwako icaha, arashobora gupfungwa mu gihe c'amatohoza ariko naho nyene bigakorwa mu gihe ata kundi vyogenda. Ibi bitegekanijwe n'ingingo ya 280 mu gace kayo ka 3 aho ivuga ko "ingingo yo gupfunga umwana

ivy'agateganyo ifatwa mu gihe ata kundi vyogenda".

Iyi ngingo ibandanya ivuga mu gace ka 4 ko "ingingo zishobora gufatirwa abana zitegerezwa kwisunga uburenganzira bwabo bwo kuronswa inyigisho naho boba bapfunzwe".

Ingingo ya 282 ivuga ko "umwana yikekwako icaha ategerezwa kumvirizwa hari umushingwamanza canke uwundi wese azi ingene imanza z'abana zitohozwa n'ingene ziburanishwa, bitabaye birtyo, ayo matohoza aba impfagusa".

Umwana apfunzwe arafise uburenganzira bwo kutaburanishirizwa mu ntahe y'icese. Ibi bitegekanywa n'ingingo ya 296 ivuga ko "umwana akurikiranwa ku caha atumvirizwa co kimwe n'abantu bakuze mu ntahe y'icese.

Urubanza rurimwo umwana rutegerezwa kuburanishwa mu mwiherero, agakurikiranwa n'igisata cabigenewe cegamiye sentare nkuru y'igihugu" kandi abarekuriwe gukurikirana imburano ziwe n'abavyeyi, abantu bamureze mu gihe atarezwe n'abavyeyi biwe, umushingwamanza wiwe, amasura canke abaserukira amashirahamwe yishinze kwitaho ineza y'abana".

Urubanza rumaze kuburanishwa mw'ido n'ido haba ku mwana canke ku muntu akuze, aba-

buranyi barashikirizwa ingingo yafashwe na sentare. Uwudashimye iyo ngingo, arafise uburenganzira bwo kwitura sentare y'iyungururizo mu kiringo categekanijwe n'amategeko.

Kwunguruza urubanza ni uburenganzira butangwa n'amategeko. Umwana apfunzwe, abavyeyi biwe, umushingwamanza wiwe canke umurezi wiwe ni bo bafise ububasha bwo kwunguruza urubanza mu gihe batashimye ingingo yafashwe na sentare. Ibi tubisanga mu ngingo ya 299 aho ivuga ko "abavyeyi b'umwana, umurezi wiwe, umushingwamanza wiwe canke uwo mwana nyene ari bo bashobora kwungururiza urubanza rwacitse.

Urubanza rw'umwana rwungururizwa muri sentare isubiramwo imanza mu gisata kijejwe gucira imanza abana kandi iburanishwa ry'urubanza muri iyo sentare y'iyungururizo ritegerezwa kubera mu mwiherero kandi hakumviriza ababifitiye ububasha nk'uko twabivuze mu ngingo ya 296".

### c) Mw'ibwirizwan<sup>o</sup>1/24 ryo kuwa 14 kigarama 2017 rigenga amabohero mu Burundi

Abana bapfunzwe barafise uburenganzira bwo gutandukanywa n'abandi bapfungwa. Ibi bitegekanywa n'ingingo y'7 ivuga ko "mu gihe ata bigo vyategekanijwe

gupfungiramwo abana n'abagore biriho, abajewe ibohero baca bagerageza kuhagaburamwo ibice kugira bashobore gutandukanywa abo bapfungwa n'abandi".

Umwana yikekwako canke yakoze icaha arafise uburenganzira bwo kuronswa inyigisho. Ibi tubisanga mu ngingo ya 51 aho ivuga ko "abana bakoze ivyaha canke biviyikekwako bafise uburenganzira bwo kuronswa inyigisho cane cane inyigisho zerekeye imyuga".

Mu gusozera, twagira twibukanye ko ukwishira n'ukwizana ari uburenganzira bwa zina kiremwa muntu wese. Ariko, birashika kandi birategekanijwe n'amategeko ko umwana canke uwukuze yakwa umwidedemvyo wiwe mu igihe gito canke kinini bivanye n'umwana amatohoza azomara, canke iyo yahanishijwe umunyororo.

N'aho biri uko, umwana aguma afise uburenganzira bwo kumvirizwa na sentare ibifitiye ububasha, kuronswa umushingwamanza, kugira imigenderanire n'abavyeyi biwe, gutandukanywa n'abandi bapfungwa bakuze, gufatwa runtu, kudacirirwa umunyororo wo guherayo, kuronswa inyigisho, kudasinzikarizwa ubuzima n'ibindi.

*Ikigo ca leta kijejwe guteza imbere agateka ka zina muntu no gukinga ihonyabwoko*  
«CPDHPG»

## Ikibazo c'amahoro n'umutekano muri Afrika yo hagati kiraraje ishingira Ekleziya Katolika

Ku magenekerezo ya 30 Rusama gushika ku wa 02 Ruhesha ishirahamwe ry'Amanama y'Abepiskopi Katolika bo muri Afrika yo hagati (ACEAC) ryarakoranye mu nama y'abo idasanzwe kugira ngo baganire ku bijanye n'ubutumwa bajewe muri kano karere karangwamwo ibibazo kisangije bikora ku buzima bw'akristu no ku banyagihugu bose muri rusangi, bongere bifatanye na bo mu makuba bacamwo.

Nkuko tubibwirwa na Musenyeri Vicenti HAROLIMANA, icegera ca mbere c'umukuru w'iryo shirahamwe, ngo kano karere k'ibihugu vya Kongo, Uburundi n'Urwanda bigize Afrika yo hagati karimwo ibibazo kisangije.

Aho agaruka cane cane ku bantu baheruka kwitaba Imana kubera imyuzuriya iheruka kuba ahitwa Kalehe muri diyoseze ya Bukavu mu gihugu ca Kongo, muri Diyoseze Ruhengeri mu Bururuko bw'igihugu c'Urwanda no muri diyoseze ya Nyundo mu burengerero bw'Urwanda nyene.



Musenyeri Vicenti HAROLIMANA wo mu gihugu c'Urwanda akaba ari icegera ca mbere c'Umukuru wa ACEAC



Foto: Mélanche Ndayikeze

Nk'uko Musenyeri Vicenti abivugira, ngo ni n'akaryo ko kugarukira ku mpunzi z'abakongomani muri Diyoseze ya Uvira. Aho hose abo Bungere ngo ijamba bafise ni iryo kuremesha abo bantu bari mu ngorane no kubagaragariza umutima w'impuhwe nk'Abungere b'Ekleziya.

Ibindi bibazo bijanye n'umutekano muri kano karere bizokwigwa ni cane cane ibikorwa vy'imirwi y'ubutungane n'amahoro, umugambi w'isekeza ry'amahoro mu karere k'ibiyaga binini, n'ibindi.

Muri iyo nama y'imisi itatu, abo Bungere ngo bazorabira hamwe ivyo bokwiyemeza kugira ngo bashigikire amahoro hagati y'ama Reta agize ibi bihugu bitatu. Ni muri iyo ntumbero hategekajwe umubonano w'abagize iryo shirahamwe kumwe n'Umukuru w'igihugu c'Uburundi asanzwe ari we arongoye ishirahamwe rya Afrika y'Ubuseruko ivyo bihugu vyose uko ari bitatu bi-

sanzwe bihurikiyemwo.

Muri uwo mubonano, Abungere bagize ACEAC bifuzaga kuganira n'Umukuru w'igihugu c'Uburundi kugira ngo haboneke inyishu irashe yogarukana amahoro muri kano karere kugira ngo impunzi zikwiragiye muri ivyo bihugu zironke agahengwe. Musenyeri Vicenti ati: «Abo bantu bazaronka amahoro ari uko abanyepolitike bo muri ivyo bihugu bagize ikintu bahurizako mu ntumbero yo gutsimbataza amahoro».

**Kuva ku wa 30 Rusama ishirahamwe ASEAC riramutswa umukuru waryo mushasha**

Uwahoza arongoye ASEAC ni Musenyeri Marsel Madila nawe aherutse gukukuruka mu mabanga y'Ubwungere ku mvo y'imyaka afise. Nk'uko amategeko y'iryo shirahamwe abitegekanywe, Nyenubweranda Papa amaze kwemerera Umwungere igisabo ciwe co gukukuruka, uwo Mwungere aca atakaza ikibanza yari afise mu

rwego nyobozi rw'iryo shirahamwe.

Kuva ku wa 21 Kigarama 2022 rero inyuma y'ikete rya Nyenubweranda ryemerera Musenyeri Marsel Madila gukukuruka, intebe y'Umukuru w'ishirahamwe ntiyarifise uwuyiramutswa.

Hamaze gusomwa amategeko agenga iryo shirahamwe, haratowe umukuru w'ishirahamwe mushasha, uwo nawe akaba yategerezwa kuva mu gihugu ca Kongo kuko n'uwakukurutse atamaze ikiringo ciwe yakomoka mu gihugu ca Kongo.

Ubu rero ishirahamwe rifise urwego nyobozi rukurikira:

Umukuru: Musenyeri José Moko arongoye diyoseze Idiofa yo muri Kongo;

Icegera ca mbere: Musenyeri Vincent HAROLIMANA arongoye diyoseze ya Ruhengeri

Icegera ca kabiri: Musenyeri Bonaventure NAHIMANA arongoye diyoseze nkuru ya Gitega.

Mélanche Ndayikeze